



Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Energy & Environmental Affairs

Department of Environmental Protection

One Winter Street Boston, MA 02108 • 617-292-5500

Charles D. Baker
Governor

Karyn E. Polito
Lieutenant Governor

Kathleen A. Theoharides
Secretary

Martin Suuberg
Commissioner

AVI SOU SEYANS PIBLIK

Avi sou Seyans Piblik sa a disponib nan lang altènatif (Español -- Tiếng Việt -- Chinese -- Kreyòl Ayisyen -- Português) sou sit entènèt MassDEP la sou:

www.mass.gov/eea/agencies/massdep/news/comment/

Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal Massachusetts lan (*Massachusetts Department of Environmental Protection*) (MassDEP), sou otorite M.G.L. c. 21N §§ 3(b) ak 3(d), M.G.L. c. 111, §§ 2C ak 142A jiska 142M, ak M.G.L. c. 21A, §§ 2, 8 ak 16, pral fè yon seyans piblik an akò avèk M.G.L. Chapit 30A sou yon regilasyon ijans ki te amande 310 CMR 60.06, *Limit sou Emisyon CO₂ pou Machin Pasaje pou Leta a*, pou re-pwomilge limit sou emisyon dyoksid kabòn (CO₂) san modifikasyon pandan kèk ane kòmanse an 2021. Limit yo aplikab pou machin pasaje Biwo Egzekitif la Leta a posede oswa genyen pa kontra. Regilasyon ijans lan te pran efè 21 desanm 2020. An akò avèk M.G.L. Chapit 30A, MassDEP ap bay yon peryòd pou kòmantè piblik sou regilasyon ijans lan, ki gen dwa modifye apre seyans piblik ak kòmantè nan men gran piblik la.

Regilasyon ijans lan ak yon dokiman orijin disponib sou sit entènèt MassDEP la sou:

www.mass.gov/eea/agencies/massdep/news/comment/. Dapre Dekrè Gouvènè Charles D. Baker ki Sispann Sèten Pwovizyon nan Lwa sou Reyinyon Piblik la, G.L. c. 30A, s. 20 siyen ak date 12 mas 2020, seyans piblik la pral fèt pa apèl konferans a distans epi l ap ouvè pou piblik la. Dat ak enfòmasyon sou enskripsyon pou seyans piblik la se konsa:

Madi 19 janviye 2021 1:00 PM (EST)

Enskri davans pou reyinyon sa a:

<https://zoom.us/meeting/register/tJAtD-CgrD8rEtvVXpFMe5xuRcamuwW17oa>

Aprè w fin enskri, ou pral resevwa yon imèl konfimasyon ki genyen enfòmasyon sou kòman pou rejwenn reyinyon an.

MassDEP founi sèvis entèprèt/tradiksyon pou aksè lengwistik pou moun ki gen metriz lang anglè ki limite gratis. Si w bezwen yon entèprèt pou w patisipe nan reyinyon sa a, ou ka jwenn sèvis tradiksyon sou lyen sa a: <https://www.mass.gov/info-details/massdep-language-translation-assistance>.

This information is available in alternate format. Contact Michelle Waters-Ekanem, Director of Diversity/Civil Rights at 617-292-5751.

TTY# MassRelay Service 1-800-439-2370

MassDEP Website: www.mass.gov/dep

Printed on Recycled Paper

Moun pral prezante temwayaj aloral nan seyans piblik la. MassDEP pral aksepte kòmantè alekri jis 5:00 PM nan jou 29 janviye 2021. Fòk ou soumèt kòmantè alekri yo pa imèl bay climate.strategies@mass.gov oswa pa lapòs bay: Ngoc Hoang, MassDEP, One Winter Street, 6th Floor, Boston, MA 02108.

Pa Dekrè Depatman an
Martin Suuberg
Komisè